# «Taza qala» joybarında jaslar belsendilik kórsetpekte

Xalqımızdıń, ásirese jaslardıń ekologiyalıq mádeniyatın arttırıw, qorshaǵan ortalıqqa bolǵan súyispenshiligin kúsheytiw sonıń menen birge ana tábiyattı keleshek áwladlarǵa asırap-abaylaw hám unamsız tásirlerdiń aldıń alıw maqsetinde búgin Nókis qalasında «Jańa Ózbekstanda erkin hám abadan jasayıq!» súreni astında ǵalabalıq abadanlastırıw hám kóklemzarlastırıw ilajların ámelge asırıw maqsetiinde «Taza qala» joybarı ámelge asırılmaqta.

Image not found or type unknown

Oǵan Respublikamızdaǵı mákeme hám kárxanalar, eń baslısı jaslarımız belsene qatnaspaqta.

Image not found or type unknown

Dáslep Nókis qalası orayındaǵı Jaslar orayı imaratı aldında búgingi joybarǵa start berildi. Joybar dawamında qalamızdıń kórkine kórk beretuǵın sulıw tereklerdi hám gúllerdi egiw, kóshelerdi shıǵındılardan tazalaw, quslarǵa uya qurıp beriw jumısları shólkemleskenlik penen dawam etpekte.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Esletip ótemiz joybar dawamında Qaraqalpaqstan Respublikası I.V.Savickiy atındaǵı mámleketlik kórkem-óner muzeyi aldında elimiz ardaǵındaǵı qosıqshılar atqarıwında gala-koncert bolıp ótedi.